

# MOVE KOUT MEN AN KAFÉ OU MAL

VEYE MOUN KAP FÈ MAGOUY NAN IMIGRASYON



[uscis.gov/avoid-scams](http://uscis.gov/avoid-scams)

## Tcheke Avan ou fè Konfyans

Avan ou kite nenpòt moun ede ou ak dosye imigrasyon ou a, verifye si li gen otorizasyon pou ede.

### Ki moun ki gen otorizasyon pou ede mwen ak dosye imigrasyon mwen an?

1. Ou ka ranpli fòm yo ou menm epi reprezante tèt ou devan USCIS.
2. Ou ka jwenn konsèy legal ak lòt kalite èd nan mwen yon avoka oswa reprezantan ki akredite nan Depatman Jistik Etazini. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan [justice.gov/eoir/recognition-accreditation-roster-reports](http://justice.gov/eoir/recognition-accreditation-roster-reports).
3. Pou jwenn sèvis legal gratis oswa bon maché, ak ajan sèvis imigrasyon otorize yo, ale sou [uscis.gov/avoid-scams/find-legal-services](http://uscis.gov/avoid-scams/find-legal-services).
4. Lòt moun tankou fanmi, zanmi, ak moun ki prepare dokiman kapab ede ou ranpli fòm USCIS yo. Men yo pa ka ba ou konsèy legal epi se yon ti kras kòb yo ka mande ou peye.

### Konsèy legal gen ladan:

- Ede ou entèprete kesyon sou fòm imigrasyon yo; ak
- Eksplike ou opsyon ou genyen nan imigrasyon.

### Kijan USCIS kapab ede mwen ak kesyon mwen genyen konsènan imigrasyon?

- Rele sèvis klyiantèl USCIS nan **1-800-375-5283** (Pou kliyan andikape ki bezwen aranjman yo: TTY/ASCII: **1-800-877-8339**, Vokal: **1-866-377-8642**);

- Mande Emma, asistant vityèl USCIS la, nan [uscis.gov/Emma](http://uscis.gov/Emma);
- Chèche konnen yon evènman ki pral genyen nan [uscis.gov/outreach](http://uscis.gov/outreach); oswa
- Pwograme yon randevou nan yon biwo rejyonal nan [my.uscis.gov/appointment](http://my.uscis.gov/appointment).

## Pwoteje Lòt yo, Pote Plent pou Magouy nan Imigrasyon!

### Èske ou konnen yon moun k ap fè magouy nan imigrasyon?

Kontakte Komisyon Komès Federal la nan [1.usa.gov/1suOHSS](http://1.usa.gov/1suOHSS) oswa rele **1-877-382-4357**. Ou ka pote yon plent anonim nan lang angle oswa panyòl. Epi tou ou ka pote plent pou moun k ap fè magouy nan imigrasyon ak ajans eta ki apwopriye a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan [uscis.gov/avoid-scams/report-scams](http://uscis.gov/avoid-scams/report-scams).

Pwoteje tèt ou ak fanmi ou kont magouy nan imigrasyon. Al gade enfòmasyon sou sa ak fason pou jwenn èd legal nan [uscis.gov/avoid-scams](http://uscis.gov/avoid-scams).

## Bon Sans se pi bon Defans

Gen kèk biznis ak sitwèb k ap pran pòz yo se ekspè nan zafè imigrasyon oswa yo di gen kontak espesyal ak gouvènman an. Toujou ale sou sitwèb ofisyèl USCIS la, [uscis.gov](http://uscis.gov). Atansyon pou w pa ale sou fo sit. Pou konnen kijan pou w detekte yon magouy al aprann sou magouy nan [uscis.gov/avoid-scams/common-scams](http://uscis.gov/avoid-scams/common-scams).

Si ou te resevwa yon imèl ou panse ki se yon magouy, voye li bay USCIS. [Webmaster@uscis.dhs.gov](mailto:Webmaster@uscis.dhs.gov).



## Kèk ti Konsèy sou Bagay ou dwe Sonje

### Toujou...

- Pran enfòmasyon sou imigrasyon nan men gouvènman ameriken an, kòmanse ak [uscis.gov](http://uscis.gov) oswa [state.gov](http://state.gov).
- Verifye si moun k ap ede ou a se yon avoka oswa reprezantan ki akredite.
- Si ou peye yon moun pou ede ou, fè li ba ou yon resi.
- Fè fotokopi fòm yo prepare pou ou.
- Kenbe tout lèt ak avi ou resevwa nan men USCIS yon bon kote.
- Jere dosye ou ak zouti ou ka ede tèt ou yo nan [uscis.gov/tools](http://uscis.gov/tools).
- Pote plent pou moun k ap fè magouy nan imigrasyon san pèdi tan: [uscis.gov/avoid-scams/report-scams](http://uscis.gov/avoid-scams/report-scams).

### Pa janm...

- Peye pou fòm imigrasyon. Pou jwenn fòm yo gratis ale sou [uscis.gov/forms](http://uscis.gov/forms), rele **1-800-870-3676**, oswa ale nan biwo lokal USCIS ou.
- Siyen yon fòm vid. Asire w tout fòm yon ranpli avan ou siyen yo.
- Siyen nenpòt fòm ki gen move enfòmasyon.
- Voye dokiman original kòm prèv pou kore aplikasyon ou amwenske USCIS mande ou orijinal yo.

## Lè w ap chèche yon kout men ak imigrasyon, sonje: move kout men an ka fè ou mal!

Al gade enfòmasyon sou sa ak fason pou jwenn èd legal nan [uscis.gov/avoid-scams](http://uscis.gov/avoid-scams).



U.S. Citizenship  
and Immigration  
Services